ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№138 (23.296) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Матвиенкэ Валентинэ Кисловодск щекIуэкI лэжьыгъэхэм щыгъуазэ зещI

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщl Матвиенкэ Валентинэ бадзэуэгъуэм и 16-м лэжьыгъэ Iуэхукlэ Кисловодск щыIащ.

АБы щЫГЪУАЗЭ зищIащ Урысейм и курорт нэхъыжь дыдэр зэтегъуэвжьныимрэ къэгъэщIэрэщIэжьныимрэ зэрелэжьым. Кьалэм зыщыщиплъыхьым, абы щIыгъуащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэ Меликов Сергей.

Хьэщlэр Кисловодск и лъэпкъ паркым, «Розэхэм я псыхьэм», «Шаляпиным и дачэ» литературэ-музыкэ музейм, нэгъуэщIхэми щыIащ. Абы Кисловодск иужьрей илъэсхэм зэхьэкIныигъэфIхэр кьиззэрыщыхьуар къиргъэлъэгъуащ: «Кьалэр нэрылъагъуу кьэщIэрэщIэжащ, Iуэхущlапlэ щхьэхуэхэр зэфIегъувэжащ, щхьэзыфIэфIу ящIа унэ щхьэхуэхэр якъутэри Iуахащ. Гулъытэшхуэ хуащI уэрамхэр зэIуэзэпэщ щыным, ауэ иджыри зэгугъупхьэхэр щыIэщ».

Федерацэмкlэ Советым и Унафэщlым кьыхигъэщхьэхукIащ сенаторэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ щIыху куэд зэрыщыIэр: «Кисловодск инвесторхэр кьешэлIэныимкIэ зыхуеину Iэмалхэр кьиззрагъэпэщ. Кьалэр зыхуей хуэгъэзэныимкIэ лэжьыгъэ псоми адэкIи пащэну ущыгугъ хъунущ».

«Нартсанэ ваннэ нэхъыщхьэхэр» комплексыр зэрызэрагъэпэщыжьым щеплъым, Федерацэмкlэ Советым и спикерым гу лъитащ а Iуэхущlапlэр бэдзэнду зыIыгъынур кьыхэхьным теухуа конкурсыр егъэкIуэкIным еужьорэкIым зэрыхуейм. «Комплексыр кьагъэщIэрэщIэжьным хуэгъэзэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэ псори зэфIагъэкIащ. Иджы а Iуэхущlапlэр зэращIрэ зэрылэжьам хуэдэу адэкIи кьагъэсбэпын хуейщ. Абы къыхэкIыу конкурсыр егъэкIуэкIпхьэщ жэпуэгъуэм и 1-м нэхърэ мынэхъ кIасэу», - жиIащ абы.

Спикерыр кьалэдэсхэми яхуэзащ икIи Кисловодскрэ Лъэпкъ паркымрэ зэIуэзэпэщ щыным теухуауэ абыхэм жаIэхэм едэIуащ. Матвиенкэ Валентинэ кьалэм и унафэщIэм зэрызэтеуевам хуэдэу зэрыхъумапхъэр.

Кьалэр кьыщапlъыхьым Федерацэмкlэ Советым и Унафэщlым щIыгъащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэ Меликов Сергей, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэхэмкlэ и министр Кузнецов Лев, Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир, Кисловодск кьалэм и Iэтащхьэ Курбатов Александр, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэ - Кьэрал мылькур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Пристансков Дмитрий, УФ-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ Керимов Мурад, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщlым и къуэдзэ Умаханов Ильяс, Федерацэмкlэ Советым хэтхэу Къаснокъуэ Арсен, Афанасов Михаил, Скоморохин Константин, УФ-м и Кьэрал Думэм и депутатхэр, властым и федеральнэ, краевой, кьалэ органхэм я лIыкIуэхэр.

Кьалэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм еплъа нэужь, Матвиенкэ Валентинэ фIыщIэ яхуищIащ Кисловодск, щIыналъэм я унафэщIхэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэ Меликов Сергей, уэрамхэмрэ унэ щхьэхуэхэмрэ я теплъэхэр зэтегъуэвжьным къарушхуэ езыхьэлIа адрей министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ. «Илъэсищ япэкIэ плъагъуну гуузт зэгуэр къэралым щынэхъыфI дыдэу щыта курорт кьалэм и щытыкIэр. Ар зи зэраныр а зэманым Кисловодскрэ краймрэ я унафэщIу лэжьахэрщ», - жиIащ Матвиенкэ Валентинэ.

Федерацэмкlэ Советым и спикерым къыззхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2020 гъэм нэсыху Кисловодск кьалэм зегъэужьыныимкIэ программэ къыззращтар, Кисловодск и паркым лъэпкъ паркым и статус етыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм унафэ къыззрыдигъэкIар, а паркыр зехьэныимрэ зыхуей хуэгъэзэныимрэ телэжьэн папщIэ «Кисловодск и лъэпкъ парк» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэ къыззрызэрагъэпэщар.

Матвиенкэ Валентинэ хэхауэ тепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым илкъ иткIэ икIи мы щIыналъэм зегъэужьыныимкIэ Iэмалыщlэхэр къыззгъэпэщын мурадкIэ Кавказ Псы Хущхъуэхэм ятеухуа законым и проект зэрагъэхьэзырым. Ар мы илъэсым кьэриубыдэу УФ-м и Правительствэм Кьэрал Думэм къыщыхилъхьэну и мурадщ.

Пщыхьэщхьэм Матвиенкэ Валентинэрэ Меликов Сергейрэ хэтащ курорт кьалэм и лъэс зекIуапlэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым хиубыдэу иджырей псыутх хьэлэмэт къыззрыщызэIуахым теухуа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм.

КРАПИВИНЭ Викторие.

● Фестивалхэм я дунейпсо кинофестиваль

«Налшык-2016»-м щIидзащ

КъБР-м и Музыкэ театрым и гупэм деж иIэ утыкум щэбэт кIуам Iэтауэ къыщызэIуахащ «Налшык-2016» - фестивалхэм я япэ дунейпсо кинофестивалыр.

- МЫ ФЕСТИВАЛЫР Налшык кьалэм зэрыщекIуэкIыр гуапэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм абы и фIыгъэкIэ Iэмал фIэщ дунейпсо кинофестивалхэм нэхъыфIу къыщалъыта фильмыкэм фепlъыну, - жиIащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь, Урысейм кинематографие щIэныгъэхэмрэ гъэзэджэхэмкIэ и академием и академик **Новожилов Сергей** зэхьхьэр къыщызэIуихым.

Утым и кIыхьагъкIэ ирадза алэрыбгъу плъыжым ирикIуэну, къыззхуэсахэм я Iэгуауэм щIэту, чэзууэ ирагъэблагъащ республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо киногъуаздджэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа режиссёрхэр, актёрхэр, продюсерхэр, сценаристхэр. Япэу и цIэ ираIуащ УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Щэнхабзэмкlэ и фондым, «Налшык - НОТР» телекомпаниэм я унафэщI, фильми 150-м нэблагъэ тезыха, тхыль 12 зи Iэдакъэ къыщIэкIа, дамыгъэ лъапIэ куэд зэхуагъэфэща **Вэрокъуэ Владимиррэ** абы и щхьэгъусэ, режиссёр **Мартиросовэ Варварэрэ**. Къыкlэлъыкlуэу ирагъэблэгъащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, режиссёр, актёр, продюсер **Фырэ Руслан**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артистхэу **Балъкъыз Валерэрэ Щыбзыхъуэ Басиррэ**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу **Балъкъэр Юрий**, **КIэмыргуей Валентин**, **Ту Рэмэзан**, **Хьэщэ Къанщобий**, **Мирзоев СулътIан**, **Мысост Вадим**, КъБР-м и цыхьэ артистхэзу **Хьэмыку Жаннэрэ Щэрмэт Людмилэрэ**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кулиевэ Элизат**, **Мамаевэ ФатIимэ**, режиссёр, сценарист, уэрэджыIакIуэ **Хьэжьрокъуэ СулътIан**, абы и «По небу босиком» фильмым щыджэгуахэу **Къардэн Аслъэн**, **Кокаев Алан**, **Къэрэгъул Миланэ**, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист **Хьэмырзэ Ахьмэд** сымэ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хэкужь адэжь и щIасэщ

● Лъэпкъ Iуэху

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщIэ Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу цIыхуи 120-м нэблагъэ.

Япэ интервью. Журналист Къумахуэ Аслъэн и упщIэхэр.

АХЭР зэрыса кхъухьлъатэр Амман къилъэтыкIри мэрем кIуам Налшык и аэропортым къыщетIысэхащ. «Зекlуэм» хэтхэм гъэгуанэ тхылъхэр яхуэзгъэпэщынымкIэ ядэIэпыкъуащ Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и унафэщI Кьардэн Самиррэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыцlэ Мухьэмэдрэ, нэгъуэщIхэри.

Инэхьыбэр Кавказым япэу къихьэу араща. Абыхэм я мурадыр зыхуэкIуэжыр я адэжьхэр зэрыса Хэкужьым зыщапlъыхьу «ижь зыщIрагъэхунырщ», ди щыIэкIэпсэукIэм зыхагъэгъуэзэнырщ, апхуэдэ щIыкIэкIи я нэгу зыщрагъэужьынырщ.

Хьэщlэхэм зи ныбжь хэкIуэтахэр куэду яхэтщ. Ахэр псори дыгъасэ Щэджэм псыкъэлъэхэм щыIащ, абы ипэ махуэм Хыжьей Щхьэантlэхэр зрагъэлъэгъуащ, нобэ Iуащхьэмахуэ лъапэкIэ яунэтIащ. Къахуэнэжа махуитIым Налшык кьалэ зыщапlъыхьыну я мурадщ. Бадзэуэгъуэм и 22-м Амман лъэтэжьынухэщ.

Ди лъэпкъэгъуэр Хэкужьым езыхэм я хьэрычэткIэ кьакIуэ зэрыхъуар телъыджащ. ИкIи абы теухуауэ япэу жэрдэм къыхэзылъхьар КъБКъУ-м и студенту щыта, Иорданием щыпсэу Бырсхэ Маруанщ. Зи гугъу тщIы Iэхур зэрызэфIыхьамкIэ абырэ Архъагъэхэ Мухьэмэдрэ Маруэрэ я фIыщIэшхуэ хэлъщ. КъыздэкIуам хьэщIэхэр зыхуей хуэгъэзэн, щIыпIэ дахэхэм къыщешэкIын Iэхуэхэмкlэ къыззгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэр зэщхьэгъусэхэу Жамыр зэхэ Феликсрэ Ирадэрэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тыркум кIуэну тезыхуахэр зэкIэ емыжьэну къыхуриджащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм

А къэралым щIэ щытыкIэр зэтеувэжьыу ди цIыхухэм Урысейм зыщагъэпсэхумэ нэхъ тэмэму кьилъытащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм.

Тыркум властыр щаубыдыну хущIэкъуэхэм зыкъаIэта иужь, УФ-м и Жылагъуэ палатэм жылагъуэ дипломатием зегъэужьыныимрэ нэгъуэщI хэкужьм щыIэ и лъахэгъуэхэм ядэIэпыкъуныимкIэ и комисэм и унафэщI Суторминэ Еленэ цIыхухэр къыхуриджащ шынагъуэ кьатемыхьэн папщIэ Тыркум зыгъэпсэхуакIуэ мыкIуэну. Абы къыдэкIуэу Суторминэ Еленэ къыхигъэщхьэхукIащ ди цIыхухэм ящыщу нэхъыбэм зыхуахахэм я бжыгъэр цIыху 8415-рэ хьууэ щытащ. Абыхэм зы мазэм хухахащ сом мелуан 16-рэ мини 100-рэ.

НЭХЪ щIэупщIэ зиIэ Iэщlагъэхэр зрагъэгъуэтын папщIэ, еджакIуэ ягъэкIуауэ щыIэ лэжьапIэншэу 406-м а мазэ дыдэм кьриубыдэу стипендиеу сом мин 334-м щIигъу хухахащ.

Псори зэхэту зэрылэжьапIэншэм папщIэ, ахъшэр зрат цIыхухэм 2016 гъэм и япэ мазихым кьриубыдэу сом мелуан 99-м щIигъу иратащ, Iэщlагъэхэм хурагъаджэ цIыху лэжьапIэншэхэм стипендиеу сом мин 856-рэ хухахащ.

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къыззгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм.

● Гулъытэ

Лэжьапlэншэхэм ахъшэкIэ ядоIэпыкъу

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къыззгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къыззритамкIэ, мэкъуауэгъуэ мазэм кьриубыдэу, зэрылэжьапIэншэм къыхэкIыу, социальнэ ахъшэ зыхухахэм я бжыгъэр цIыху 8415-рэ хьууэ щытащ. Абыхэм зы мазэм хухахащ сом мелуан 16-рэ мини 100-рэ.

КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къыззгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэ.

♦Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iэхэхуэмкlэ и министерствэм и юридическэ Iэнатlэм и махуэр

♦Тыркуазым щагъэлъапIэ Гъавэм и махуэр

♦1900 гъэм Париж и метрор къыззIуахащ

♦1903 гъэм лъакъуэрыгъажэмкIэ япэ дунейпсо зэпеуэр екIуэкIащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м кьару щигъуэтащ япэ совет конституцэм.

♦1920 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщащ къэралым щIэныгъэшхагъэр щыгъэкIуэдыным пыщIа Iуэхуэхэр зэкIэлъызыгъэкIуэну комиссэ.

♦1924 гъэм къыдэкIащ «Красный спорт» (иджы - «Советский спорт») газетым и япэ номерыр.

♦1926 гъэм Екатеринослав кьалэм и цIэр Днепропетровск жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и наркому ягъэуващ.

♦1942 гъэм Кьардэн Къубатий Березовскэ щIыналъэм фашист кхъухьлъатитI къыщIриудыхат.

♦1952 гъэм Финляндием и президент Паасикиви Юхо Хельсинки къыщызэIуихащ XV гъэмахуэ Олимп джэгуэкIэр.

♦1980 гъэм Москва щыщIидзащ XXII гъэмахуэ Олимп джэгуэкIэм. Советыдзэкэр Афганистаным зэрырашар хабзэншагъэу къыззралъытэр кърырагъэлъагъуэу абы къэкIуатэкъым къэрал 50-м щIигъум я спортсменхэр. СССР-м и командэ къыхэкам абы къыщихьауэ щытащ медали 195-рэ.

♦1996 гъэм Атлантэ къыщызэIуахащ XXVI гъэмахуэ Олимпиадэр. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыхэтар а зэхьэзэхуэхэрщ - цIыху 10744-рэ.

♦БэзщIэныгъэлI, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, Нэгуэ Шорэ и Iэдакъэщlэкlэр зыджа **Мещанинов Иван** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Ливанов Василий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ боксёр цIэрыIуэ, дунейпсо зэпеуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуа, Киев кьалэм и Iэтащхьэ **Кличко Виталий** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритыкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Тонн мин 90-м щIигъу

● Мэкъумэш IэнатIэ

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы зэманым ди республикэм АПК-м и Iуэхущlапlэ зэмылIэужьыгъуэу 30 итщ. Мы гъэм абыхэм фIэIуГъэрэ ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэу сом мелуан 36-рэ и уасэ къыщIагъэкIащ. КъБР-м и консерв заводэр мы зэманым нащэм йолэжь, икIи нащэ фIэIуу банкI мини 10-м щIигъу ящIащ.

Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ къыщрахьэлIэ «Консервпром» (Тэрч къ.), «Агро-Инвест» (Нарткъалэ), «Зелёная компания» (Налшык) Iуэхущlапlэ нэхъ инхэм. Мыбыхэм къыщIагъэкIыр фIыуэ зэращIым и фIыгъэщ Урысейм и щIыналъэ куэдым щIэупщIэ зэрыщIэр.

Кьапщтэмэ, КъБР-м и фIэIуГъэхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ я процент 80-р зыгъэхьэзырыр мы Iуэхущlапlэхэрщ. Нэгъабэ абыхэм тонн мин 90 банкIхэм ирагъэзэгъащ, мы гъэми абы щIрагъэгъуну мэгугъ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къапщтэмэ, КъБР-м и Лъэпкъ Iуэхущlапlэ

♦1903 гъэм лъакъуэрыгъажэмкIэ япэ дунейпсо зэпеуэр екIуэкIащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м кьару щигъуэтащ япэ совет конституцэм.

♦1920 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщащ къэралым щIэныгъэшхагъэр щыгъэкIуэдыным пыщIа Iуэхуэхэр зэкIэлъызыгъэкIуэну комиссэ.

♦1924 гъэм къыдэкIащ

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЯгъэфIэрей джэдур щхьэнтэтесу къонэж.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я фэеплъхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 13-нэ, 51-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я фэеплъхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 13-нэ, 51-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м
№477-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я фэеплъхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 13-нэ, 51-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ
2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я фэеплъхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» 2003 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №39-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 13 статьям и пункт 4-м дэщIыгъужын «, яубзыхуа гъунапкъэхэм я къэухьхэм къриубыдэу щыIэ къалэухуэ мардэхэм къагъэувхэм» псалъэхэр.
2. 51-нэ статьям:

1) Iыхьэ 6-м хэт «тхыдэм къыхэна жылагъуэу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэм и гъунапкъэхэм» псалъэхэм къакIэлъыкIуэу дэщIыгъужын «яубзыхуа гъунапкъэхэм я къэухьым къриубыдэу щыIэ къалэухуэ мардэхэм къагъэувхэм» жиIэу;

2) Iыхьэ 9 дэщIыгъужын мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«9. Тхыдэм къыхэна жылагъуэхэу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэхэм я спискэр, тхыдэм къыхэна жылагъуэу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэр зищIысыр, тхыдэм къыхэна жылагъуэу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэм и гъунапкъэхэр, а щIыналъэм къриубыдэу щыIэ къалэухуэ мардэхэм къагъэувхэр Федеральнэ законым щаубзыхуа пIалъэм къриубыдэу республикэм и уполномоченнэ органым къещтэ икIи ахэр тхыдэм къыхэна жылагъуэу щIыналъэ мыхьэнэ зиIэр зыхиубыдэ муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и органым хуегъэхь.».

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 19-м
№29-РЗ

«ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ щIыуэпсым и къэхъукъащIэхэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ къадэкIуэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ящыхъумэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ щIыуэпсым и къэхъукъащIэхэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ къадэкIуэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ящыхъумэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м
№504-П-П

«ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ щIыуэпсым и къэхъукъащIэхэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ къадэкIуэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ящыхъумэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ
2016 гъэм накъыгъэм и 26-м

1 статья

«ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ щIыуэпсым и къэхъукъащIэхэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ къадэкIуэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ящыхъумэным и IуэхукIэ» 2004 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №13-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 1 - 4-нэ статьям и Iыхьэ 4-м хэт «гъэзэкIуэжыныкIэ лъэкIыгъэхэм я унафэщIым» псалъэхэр зэхъуэкIын «лъэжыгъэхэмкIэ унафэщIым» жиIэу.
2. 9-нэ статьям и пункт 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2) ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щахъумэн папщIэ зыхуеину къарухэмрэ Iэмалхэмрэ хьэзыру щыгъэтыныр, апхуэдэу къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм щащыхъумэным цIыхухэр хуэгъэхьэзырыныр къызэрегъэпэщ;».

3. 18-нэ статьям:

1) Iыхьэ 1-м хэт «еджапIэ организацэхэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «егъэджэныгъэ Iуэхум елэжь организацэхэм» жиIэу;

2) Iыхьэ 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъэкIуэ органхэм, организацэхэм я унафэщIхэмрэ адрей лэжьакIуэхэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр щыщыIэм и деж ялэжьын хуейхэм щыхуагъасэ IэщIагъэ нэхъыщхьэхэм зэрыхурагъаджэ программэхэр зыгъэзэщIэ IуэхущIапIэхэм.».

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№37-РЗ

● Дифl догъэлъапlэ

ГъащIэ гугъум ипсыхьа адыгэлI щэджащэ Блай Борис

Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и унафэщIу лэжьа, СССР-м и цIыхубэ депутату щыта, 80 гъэхэм я кIэухым, 90 гъэхэм я пэщIэдзэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм хэта, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щIыхь зиIэ и цIыху, «ЩIыхьым и дамыгъэ», Бэракъ Плъыжь орденхэр къызыхуагъэфэща Блай Борис Хьэгуцырэ и къуэм и илъэс пщIей юбилейр мы махуэхэм егъэлъапIэ. Къэралым щыцIэрыIуэ предприятэм ар илъэс щэщIым щIигъукIэ щылэжьащ, IэнатIэмрэ горнякхэм я Тырныауз къалэмрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

БЛАЙ Борис Мэртэзей посёлкэм (иджы Тэрч къалэм) 1936 гъэм къыщалъхуащ. Илъэсищ фIэкIа мыхъуауэ и адэр дунейм ехыжри, и шынэхъыжь БетIали, и шыпхъу Луци, езыри и анэм и закъуэ къиIэтащ. Вольфрам-молибден комбинатыр щаухуа Бахъсэн Ищхъэрэ посёлкэм Блайхэ я унагъуэр Iэпхъуэныр къызыхэкIар гъащIэм зыхуиша Iуэхущ. 1946 гъэм БетIал дзэм докI, куэд мыщIэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу къулыкъум яшахэм ящIыгъуу кърадджэжри, предприятэм ягъакIуэ, горняк IэщIагъэ зрегъэгъуэт, IэнатIэм пэрохьэ, псэупIи кърат. Апхуэдэу и Iуэхур щызэтеувэм, я унагъуэри здешэ. Борис фIыуэ еджэм и мызакъуэу, сурэт щIынми дихьэхырт, Киев щыIэ художественнэ институтым щIэтIысхьэну щIэхъуэпсырт. Ауэ шынэхъыжьым и чэнджэщкIэ, Орджоникидзе къалэм дэт бгы-металлург институтым макIуэ, а зэманым къэралыр хуабжьу зыхуэныкъуэ техникэ IэщIагъэ щызрегъэгъуэт.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр хъарзынэу къеухри, 1959 гъэм Тырныауз къалэм егъэзэж. Асыхьэтым предприятэр инженеркIэ зэхурикъурти, къызэрыгуэкI рабочэу лэжьэн щIедзэ. Мазих докIри, къуршым щылажьэхэм я мастеру, иужькIэ «Молибден» къыщIэхыпIэм техникэщIэхэмкIэ и къудамэм и инженер нэхъыжьу ягъэув. IэщIагъэлI ныбжьыщIэм абы жыджэру, жэрдэмщIакIуэу зыкъыщегъэлъагъуэ. Нэхъ IэнатIэ гугъухэм зэрапэлъэщынур наIуэти, жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI лэжьыгъэ къыхуагъэфащэ - шахтэ №4-м техникэ унафэщIу ягъакIуэ. Ар икъукIэ къалэнышхуэт, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэр и лъабжьэу лэжьыгъэр унэтIын, къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхухэм къаруушхуэ ехьэлIэн хуейт. Блайр а псом япсыхьащ, пIалъэ кIэщIкIи IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъуащ. И зэфIэкIыр къалъытэри, шахтэ №2-мрэ хьэлъэр дэзыш кIапсэ гъуэгухэм я цехымрэ IэщIалъхьащ. А къалэнхэр щрихьэкIым механикэ Iуэхуми куууэ зыхигъэгъуэзащ, «Молибден» къыщIэхыпIэм инженер нэхъыщхьэу ягъэуващ. 60 гъэхэм я кIэухым горнякхэр гушхуэныгъэ яхэлъу лажьэрт. Планым къыкIэрымыхун, абы лъэщIыхьэжын щхьэкIэ, рудар нэхъ псынщIэу къызэрыщIах Iэмалхэм хуэкIуэрт, ахэр тегушхуауэ къагъэсэбэпырт, союзпсо рекордхэр ягъэувырт.

1971 гъэм Блай Борис комбинатым капитальнэ ухуэныгъэмкIэ и къудамэм инженер нэхъыщхьэу ягъакIуэ, куэд дэмыкIыу техникэ къудамэм и унафэщI мэхъу. А лъэхъэнэм ар мызэ-мытIэу хэтащ я зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжэну Тырныауз къакIуэ хамэ къэрал делегацэхэм я зэIущIэхэм. ИужькIэ компаниехэм ящыщ зым Урысейм и IэщIагъэлIхэр США-м иригъэблэгъащ. Америкэм и къалэшхуэхэмрэ и предприятэ нэхъ инхэмрэ щыIа ди делегацэм Бориси хэтащ. Симпозиумым ар къикIыжащ щIэ куэд къищIам и мызакъуэу, предприятэмрэ Тырныаузрэ зегъэужьыным мурадыфIхэр хузэпищэу. Къызэрысыжу Блайр комбинатым и инженер нэхъыщхьэм и къуэдзэу - производственнэ къудамэм и унафэщIу ягъэув.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, 1976 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и транспорт IуэхущIапIэм и унафэщIым капитальнэ ухуэныгъэмкIэ и къуэдзэу макIуэ. Мыгувэу «Къэббалъкъпромстрой» трестым и Iэтащхьэм Тырныауз комбинатым и лэжьыгъэм зегъэубгъуным егъэщIылIа псэуалъэхэр ухуэнымкIэ и къуэдзэ къулыкъур къыхуагъэлъагъуэ. А объектхэр 150-м нэблагъэрт. И къалэнхэм ящыщт рудар щIы щIагъым къыщIэшыным пыщIа лэжьыгъэ гугъухэри. Апхуэдэу Iэмэпсымэ лъэщхэр шахтэм щагъэувын, кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэхэр гъэбелджылын хуейт. Ухуэныгъэр зи нэIэ щIэт штаб щхьэхуэ къызэрагъэпэщат. ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэм и щыхьэту, Минтяжстройм, Минцветметым, Минмонтажспецстройм я лIыкIуэхэр предприятэм къакIуэ зэпытт. Абы щыгъуэ ухуакIуэхэр я пщэрылъхэм хъарзынэу ехъулIащ. Борис комбинатым инженер нэхъыщхьэу яшэжри, куэд дэмыкIыу бгы-руда предприятэм и Iэтащхьэу ягъэуващ.

А зэманыр Блайм и дежкIэ тыншу щытакъым: руда къыщIэхыным егъэщIылIа Iэмэпсымэхэм я лъэщагъыщIэхэр къэгъэIурыщIэн хуейт. Борис Мэзкуу кIуэри, къэрал унафэщIхэм епсэлъащ. Абы къулыкъущIэхэм ягуригъэIуащ къалэнхэм япэлъэщын папщIэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыкъыщIагъэкъуэн зэрыхуейр. Мыгувэу техникэ хьэлъэрэ Iэмэпсымэщ Iэхэмрэ кърагъэшащ. Къалэм псэупIэхэр, псэуалъэхэр, IуэхущIапIэхэр куэду ухуэн щыщIадзащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм лэжьыгъэм хуабжьу зиубгъуащ, езы Тырныауз илъэс къэс псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 27 - 30 щатырт. Абы щыгъуэ фэтэр куэд хъу псэупIэ унэу пщы бжыгъэхэр, курыт еджапIитI, сабий-музыкэ школ, сымаджэщ, спортым зыщыхуагъасэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Бахъсэн», «Геолог» комплексхэр, комбинатым и лэжьакIуэхэмрэ къалэдэсхэмрэ я зыгъэпсэхупIэхэр, нэгъуэщI социальнэ объектхэр яухуащ. Комбинатым и Iэтащхьэм а Iуэхум гулъытэшхуэ хуищIырт, абы и жэрдэмкIэ республикэм и электроэнергетикэм зегъэужьыным мылъкушхуэ хилъхьэрт.

Блайр партым и обкомым хэтащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату мызэ-мытIэу хахащ, КПСС-м и XXVII съездым и делегату щытащ. Псом хуэмыдэу пщIэшхуэ къыщыхуащIар СССР-м и цIыхубэ депутат щыхъуа, иужькIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм щыхагъэхьа 1989 гъэрщ.

Сэ мы унафэщI-къызэгъэпэщакIуэ Iэзэм куэдрэ сыщIыгъуащ республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэхикIухьым, хэхакIуэхэм щахуэзэм щыгъуэ. А зэIущIэхэм цIыху куэд дыдэ кърихьэлIэрт, Блайм яхуиIуатэхэм гупсэхуу едаIуэрт. Хэхыныгъэм и пэ къихуэ и программэм IэнатIэхэм зегъэужьыным, ахэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэм я псэукIэр къэIэтыным хуэунэтIауэ къэув къалэнхэр щигъэнаIуэрт, абыкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр щызэпкърихырт, япэ игъэщыпхъэу къилъытэхэр щапхъэхэмкIэ щигъэбелджылырт. УнафэщI жыжьапльэм, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм, узэщIакIуэ нэсым и фIыгъэкIэ, комбинатым и зэфIэкIым нэрылъагъуу хэхъуэрт, социальнэ Iуэхухэм хуэфащэ гулъытэ хуащIырт. Дауи, арат Борис и телъхьэу хэхакIуэхэм Iэ щIаIэтар.

Предприятэм адэкIэ зэрызимыужьыжыфынур 1992 гъэм и кIэм наIуэ къэхъуат. Властхэр къадэIэпыкъужыртэкъым, продукцэм и уасэмрэ къэлэжьыпщIэмрэ зэпэхъужыртэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм емыса унафэщI жыджэрым лэжьыгъэм мыхьэнэ зэримыIэжыр къыгурыIуэри, и къулыкъум текIащ. Республикэм и индустрием и пашэу щыта IэнатIэр къызэтрагъэнэну абы и пIэм иувахэр хущIэкъуами, яхузэфIэкIа щыIэкъым, хуэм-хуэмурэ ужьыхри, 2001 гъэм предприятэр къэувыIэпащ.

Вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэфIагъэувэжыныу яужь итами, абы лъандэрэ зыри яхуещIакъым. 2008 гъэм инвестор къыкъуэкIа хуэдэт, ауэ дуней псор зыхэхуа кризисым и зэранкIэ, ари къызэтеувыIэжащ. ЗэрытщIэщи, Тырныауз комбинатыр егъэжьэжыным елэжь гуп щхьэхуэ нобэ республикэм щыIэщ. Иджырей технологиехэр я лъабжьэу, предприятэр щIэрыщIэу яухуэжыну Iэмал щыIэщ. А Iуэхур яхузэпыщэмэ, щIэныгъэлI, IэщIагъэлI, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэ Блай Борис и зэфIэкIыр хуабжьу къахуэщхьэпэнущ. Сыту жыпIэмэ, илъэс пщIей ирикъуами, ар лэжьыгъэм хуэжыджэрщ, и акъыл жаныр мурадышхуэхэм хуэгъэпсащ.

САФРОНОВ Анатолэ.

● Абы дегъэпIейтей

Кальяныр тутыным нэхърэ нэхъ щIагъуэкъым

Тутын ефэныр къабыл ищIу зы цIыху губзыгъи щыIэу къыщIэкIынкъым. А Iуэхум теухуауэ инджылыз тхакIуэ Шоу Бернард жиIар гъэщIэгъуэнщ: «Тутыныр - гыным къыхэщIыкIа кIапсэ уи жыпым илъым хуэдэщ, и зы кIапэм мафIэ, адрей кIапэм делэ пыщIауэ».

ЛIЭЩIЫГЪУЭ бжыгъэ ипэкIэ Колумб Америкэр къызэIуихыу европейцхэм тутыныр щаригъэцIыхуам, ар апхуэдизу куууэ ди гъащIэм къыхыхьэну и гугъауэ къыщIэкIынкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, тутыныр цIыхухэм тынш дыдэуи къащтакъым. Псалъэм папщIэ, Тыркум тутынафэхэр бжэгъу упэпцIам щыфIагъэтIысхьэрт. Персым а удзыр щызыщэхэр ягъэсырт. Тутын ефэу къаубыда монах зыбжанэ Урбан VII и унафэкIэ зэрыпсэууэ блыным хаяуэ щытащ. 16 - 17 лIэщIыгъуэхэм ди къэралым тутын ефэу къыщаубыдхэр чынутIкIэ яукIырт, я пэр, я тхьэкIумэхэр траупщIыкIырт, Сыбырым ягъакIуэрт, ар зыщэхэр яукIырт. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, абы щыгъуэ властыр зыIэщIэлъхэм къагурыIуэу къыщIэкIынт «Iугъуэ ефэным» (арат Колумб тутыным зэреджэр) къишэ зэраныгъэр.

Ауэ щыхъукIи, 18 - 19-нэ лIэщIыгъуэхэм тутыным дунейр зэщIищтащ. ЛIэщIыгъуэ кIуам и 60 гъэхэращ абы къишэ зэраныгъэм и гугъу нэхъыбэу ящIу щIэныгъэлIхэм щыщIадзар. Илъэс куэдкIэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кърикIуам уигъэгумэщIырт: тутын ефэхэмрэ емыфэхэмрэ я узыншагъэр зэпэплъытмэ, ар къззыгъэсэбэпхэм ишемие узыфэр - 13-кIэ, инфарктыр - 12-кIэ, лъатэ узыфэхэр - 10-кIэ, лышхыр 30-кIэ нэхъыбэу япкърытт. Ахэри нэгъуэщI медицинэ къэхутэныгъэхэри щыхьэт техъуащ тутын ефэныр цIыхур зэрылIыкIхэм зэращыщым. Абы иужькIэ тутыным ткIийуэ пэщIэтын щIадзащ, уеблэмэ дунейпсо Iуэху ящIащ. Ди къэралым а Iуэхум нэхъ гуваэщ щыпэрыхьар. 2007 гъэращ тутын ефэныр цIыхухэм япэзыубыд унафэ къыщыдагъэкIар.

Тутын Iугъуэ жьэдэшэныр гурыхьу зэрыжаIэр пэжу къыщIэкIынщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нобэ жылагъуэм жыджэру къыщагъэсэбэп хъуащ абы ещхь нэгъуэщI зы Iуэхугъуи. Зи гугъу сщIыр кальянырщ. Абы цIыхум и узыншагъэмкIэ иIэ зэраныгъэр тутыным къыхуихьым нэхърэ нэхъыбэщ.

Муслъымэн къэралыгъуэхэмкIэ къикIа кальяныр узыншагъэм зэран хуэмыхъуу къащохъу языныкъуэхэм. Ар фIыуэ зылъагъухэми зыщэхэми зыжьэу жаIэ абырэ тутынымрэ зыкIи зэмыщхьу. Абы и Iугъуэр зыпхрыкI ткIуаткIуэм узыншагъэм зэран хуэхъу псори къыхигъэкъэбзыкIыу къалъытэ. КъищынэмыщIауэ, кальян Iугъуэр тутыным къыпихым нэхърэ куэдкIэ нэхъ гурыхьщ, абы халъхьэхэм я фIыгъэкIэ.

А IуэхумкIэ хьэрычэт зыщIэхэм я фейдэ хэлъщ апхуэдэ хъыбар нэпцIхэр зэрагъэIум. Абыхэм я псалъэр зи фIэщ хъухэм ипэкIэ зи гугъу щытщIахэр тыншу къагурыбгъэIуэжыфыркъым.

Кальяныр цIыхум и узыншагъэм зэран хуэмыхъур пэж атIэ? Тутыным хуэдэу, абыкIи цIыхухэр къамыгъапцIэу пIэрэ? Ауэ щыхъукIи, кальян ефэныр хабзэ зыхуэхъуа Мысыр къэралыгъуэм и зыгъэпсэхупIэхэм, унэ кIуэцIхэм ущефэну ухуиткъым. Щхьэусыгъуэ хуэхъуар дохутырхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэрщ. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, зы сыхьэткIэ кальян уефэнри тутынищэ хуэдиз бгъэсынри зэхуэдэщ. КъищынэмыщIауэ, жьэн уз зыпкърытхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр кальяным и зэрану къалъытэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи хьэуар гъущэ къэралым а узыфэм зыщиужьынкIэ Iэмал щыIэкъым.

КъухьэпIэ къэралхэми кальяным япэу щыпэщIэувар дохутырхэрщ. ВОЗ-м и къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Iугъуэр псым пхрыкIми, абы къикIыркъым металл хьэлъэхэмрэ химие зэпыщIэныгъэхэмрэ хэлъ шыгъур къыхилъэсыкIыу. Абы къыхэкIыу узыншагъэм къишэ зэраныгъэр тутын Iугъуэм пикIуэтыркъым. Зы сыхьэткIэ кальян ефэм зы тутыным къыпиху Iугъуэм нэхърэ хуэди 100 - 150-кIэ нэхъыбэ зыжьэдешэ. Гъуэзу цIыху Iэпкълъэпкъым хыхьэр тутын пачкэ изыфам зыжьэдишам нэхърэ хуэди 7,5-кIэ нэхъыбэщ.

Узыншагъэм дежкIэ зэраныгъэ къззыхьынкIэ хъунухэр къэзыхутэ федеральнэ институтым (Берлин) иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ Iугъуэр зэрагъэщIыIэм къыхэкIыу ар жьэным и Iыхьэ псоми зэран зэрыхуэхъур.

ЖытIахэр къызэщIэпкъуэжмэ, кальяныр тутыным нэхърэ зэрымынэхъыфIыр, тIури зэхуэдэу узыншагъэм зэран зэрыхуэхъур къыбгурыIуэ. ТIуми гу, лъынтхуэ, лыш, жьэн, нэгъуэщI узыфэ лIэужьыгъуэхэр къахокI. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ кальяным щефэкIэ цIыху зыбжанэм зы мыштыку къыщагъэсэбэп куэдрэ къызэрыхъури. Абы узыфэ зэрыцIалэхэр къыхэкIынкIэ шынагъуэ щыIэщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди республикэм исхэр а псом щыгъуазэкъым. Абы къыхэкIыу кальяным дихьэххэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Ар щамыщэу кафе, ресторан куэд Налшык щыбгъуэтынукъым. Жыыми щIэми а Iугъуэ дыджым зыщагъэнщIыркъым. Зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъыбэ мэхъу тутын ефэу ди республикэм ис бзылъхугъэхэм я бжыгъэри. И нэхъыбэм ар зыуи къащыхъуркъым. Кальяныр зэраныгъэ пымылъу зи фIэщ зыщIыжхэм я узыншагъэр я IэкIэ якъутэж.

Кальяным дихьэх щIалэгъуалэм я бжыгъэр нэхъыбэ кIуэ пэтми мэхъу. НыбжьыщIэ зэхуэсхэм абырэ фадэмрэ щыпэрыхьэтщ. Ауэ щыхъукIи, ар псом хуэмыдэу шынагъуэщ зи щIалэгъуэм дежкIэ, ахэр щIэхыу йосэри, хьэл мыгъуэу къахуонэ.

Сэ сызэреплъымкIэ, кальяныр къэзыгъэсэбэпхэм япэзыубыд унафэ ткIий ди республикэм къыщыдагъэкIыну и чэзу хъуащ. Апхуэдэуи балигъ ныбжьым нэмысахэм ар езыщэхэм ткIийуэ якIэлъыплъыпхъэщ. Кальяным къишэ зэраныгъэхэм ятеухуа псалъэмакъ ныбжьыщIэхэм ядегъэкIуэкIын хуейщ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, СпортымкIэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэхэм, Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым ирагъэкIуэкIыпхъэщ кальяныр узыншагъэм емыгуауэу кърахьэкI хъыбархэр зэрыпцIыр къыщIэзыгъэщ лэжьыгъэхэр.

ТАУ Пщыкъан,
КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Эксперт-аналитикэ советым и унафэщI, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

● Тэрч щIыналъэ

Гуэлыр къагъэщIэрэщIэж

Тэрч къалэм и гуэлыр ягъэкъэбзащ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм къалэдэсхэр гугъу ехьащ, зыщагъэпскIын щIыпIэ зэрамыIэжым къыхэкIыу. Iуэху ящIри, гуэлым и лъащIэр къагъэкъэбзащ, мывэкIэщхъ иракIутэжащ, псыр зыгъэкъабзэ кхъузанэхэр ягъэуващ, псыIудзапIэм къыхэкI кIэнауэхэр зыхуей хуагъэзащ.

Гуэл Iуфэм и хъуреягъыр зэтес ящIри, мывэкIэщхъхэр захуэу тракIутащ, гуэлым кIэлъыплъ лэжьакIуэхэр зыщIэс унэм и щхьэр зэрахъуэкIащ, Iэгъуэблагъэм ит псыефапIитIыр къагъэщIэрэщIэжащ. Гуэл IухьэпIэхэр чэнж ящIащ, шынагъуэншэу сабийхэм зыщагъэпскIын хуэдэу. Iуфэм тетIысхьэпIэхэр щагъэуващ. ЩIыпIэм щылэжьэнущ къегъэлакIуэхэр.

БЖЬЫНЕЙ Марианнэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Продюсер Нэгъалпъэ Аскэрбий Петербург щыхуэзащ тхакIуэ, тхыдэтх цIэрыIуэ Гордин Яков. *2013 гъэ*

● Бахъсэн щIыналъэ

ЩIымрэ псымрэ

Иджы хуэдэу гъэм и хуабэгъуэм бэлэрыгъыпIэ ямыIэу я къалэныр ягъэзащIэ «Къэббалъкъмелиоводхоз» ФГБУ-м и Бахъсэн щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ псыщIэгъэлъадэ кIэнауэу IуэхущIапIэм къегъэщIылIащ километр 200-м нэблагъэ. Абы хьэсапкъэу къызэщIаубыдэ гектар мин 18-м щIигъу. А кIэнауэхэр зыхуей хуэзэу щызэрахьэ икIи и чэзум къыщагъэсэбэп Къэсейхьэблэ, Кыщпэк, Ислъэмей, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм.

Гъавэ е хадэхэкI ирехъуи, псы зыщIагъэлъадэ хьэсэхэм процент 15 - 30-кIэ нэхъыбэ къызэрытрахыр щэхукъым. КъапщтэмэI, мы зэманым псыщIэгъэлъадэ кIэнауэхэр къагъэсэбэп «Бахъсэн и жыг хадэхэр», «Компание ЩхъуантIэ» ООО-хэм, Дыгулыбгъуей щыщ фермер Азычэ Азэмэт, Къэсейхьэблэ щыщ бэджэндырылажьэ Джатэжь Хьэсэнбий сымэ.

Бахъсэн и «Мелиоводхоз»-м и унафэщI НатIэ Сафудин къызэрилъытэмкIэ, уэгъур зыхуэлъэ ди щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм гъавэрэ хадэхэкI бэврэ кърахьэлIэн папщIэ псыщIэгъэлъадэ хуэIухуэщIэхэм зрагъэужьыным я зэфIэкI псори ирахьэлIэнущ.

БЭТОКЪУЭ Iэуес.

ГУГЪУЭТ Заремэ и усэщІэхэр

МахуэщІэ къэсыху зэхызох и псэлъэкІэр

* * *

Уэс къесагъащІэр зыпхъэнкІыж
жьыбгъэм
Сыт жиІэну зыхэтыр?
- Макъыр хуэпІащІэу, псалъэр хуэгугъэу
Псысэти узыхэтыр...

Уафэм хуэгуфІэу, щІылъэм тепыІэу
Уэсыр хьэуарщ къыщыфэр.
ЩІылъэм щынэскІэ уэсым ишыІэр
Жьыбгъэ жызымыІэфыр?!

* * *

Уэдджэр къокІуэ...
ПтызоІуэ.
Гъатхэ нэужьми
Сыножьэ.
Тхьэ щеІуэ сыхьэтым
Уи закъуэу,
Сэри «тІыркъ» макъым
СодаІуэ.
ЩыуагъэртІуащІэщ -
Схуэфащэщ,
ИтІани гъащІэр
СфІэмащІэщ.
Пщэдеи махуэщ -
Узахуэщ!
Уэдджэр къокІуэ...
ПтызоІуэ...

СыгущІыІэу жызыІэм

Пщэдджжьыпэм и джийм
Ирегъэх уэсэпс щІыІэ.
СыблэкІынущ иджы
СыгущІыІэу жызыІэм.

Уэ жыпІахэр мэдий,
Сэ жысІар - напІэзыпІэщ.
Пщэдджжьыпэм и джийм
Дынихьэскъым зыщІыпІи.

Сыпсэлъэну сфІэмыфІт,
Бзу уэрэд зэпызуду.
Пщэдджжьыпэр нэхъыфІт,
КъыкІэлъыкІуэр сымыдэ.

ГъэгурыкІуэм ецІыху
Мы дунейм и бэуэкІэр,
Сэ махуэщІэ къэсыху
Зэхызох и псэлъэкІэр.

Жьы лъэдийм егъэтхытх
Тхьэмпэ цІынэм телъ ткІуэпсхэр.
ЩІым къабзэмэ къыхех,
Иущхуу къихьуэпсхэр...

СыбблэкІынущ зэгуэр
СыгущІыІэу жызыІэм.
Уэ хэпщІыкІкъым зыгуэр
А гу щІыІэм ишыІэм.

* * *

Сэ уэшхым жызоІэ уи цІэр,
Си пщІыхьхэр хуэоІуэтэж.
Къэщ1эжи ди бжьыхьэм и кІэр,
Лъэс лъагъуэм зэ къытехьэж.

Уэшх ткІуэпсу уафэм Іэпыхур
Гухэлъу ныпхуэзохьыж.
Иджы стелъыжкъым и щІыхуи,
Бжьыхьэм сыкъецІыхуж.

Си гур зыцІыхур

ЩІымахуэрщ зыцІыхур си гур.
Гухэлъыр зыущэху уэсым
Уи гъащІэр къысхуеІущэщ.
СыщиплъэкІэ куэдрэ уэгум,
Си нэгум къища илъэсыр
Ди псалъэхэм йопэщэщ.

Дакъикъэр мэхъур зы гъащІэ.
Къысщыщ1у щІегъуэж щІымахуэм
Къихыыр епхъуатэ уафэм.
Гупсысэр зэтелъ тІуащІэу,
Сэри собзыщІ нэхъ захуэр,
Си гум зыгуэр щызгъафІэу.

Сохъумэр зы гукъэкІыж.
СхэкІыжми зэгуэр уи плъэкІэр,
КъэувыІи, сызэгъэплъыж...
Уэс къесурэ уІумыкІыж.
Къещ1эжри зы щІымахуэкІэ,
Гум ещІыр нэкІущхьэр плъыжь.

ТІум я щІымахуэ

Къыдоджэ тІуми зы щІымахуэ,
ЩопІыщІэ ди гум зы уэрэд.
Зыхудогъаазэ тІуми уафэм:
«Къэщтэж гурыщІэр, дгъэвар куэдщ...»

Гупсысэр уэгум изэшауэ,
ЗегъэпщкІури щІылъэм къегъэзэж.
Абыи щыІэр пситІщ... Ар дауэ?
Уэс къесыр хъун псэзэхуэшэж?!

Уэгумрэ щІымрэ я зэхуакум
Дэткіухь уэс къабзэм жиІэр пэж?
Ди щэхум иІэщи зы хабзэ,
Илъэс къэсыху зэ къегъэзэж.

Къепхъых еублэ насып уэсым,
Къыщофэ хуарзэу ди щхьэщыгу.
Зэхуэзэшащи Іэджэу ди псэр,
Къыщоуэ нобэ си гур уигу.

Къармэхьэблэ

Си адэм хузотх

Си гупсысэ Іумахуэм
Сынехьыж Къармэхьэблэ.
Гукъэкіыжым и лъахэм
Хузэ1уех си псэм Іэплі1эр.

Си Іум из уи Іугъуэмэр,
Сынэмыс щІыкІэ мэхъур.
Уэгум бгъэ щысльэгъуамэ,
Сынишэжу къысщохьур.

Сабиигъуэр уи Іэгум
Щысхуупіащ, си щІыналъэ.
Адэ-анэм я жьэгум
И хуабагъыр хэтщ си лъым.

Нызохьыж уи деж си псэр,
УзгъэфІэным сыпылъу.
Мис, аргуэру зы усэ
КъыхокІыкІыр щІыгулъым.

* * *

Си щэхур къыхоузыкІ.
Ипщ1ыкІыу гурыщІэр тІу,
Зы пІалъэкІэ сумыукІ.

Уэрэдхэм сахыумыгъадэ.
Епхъуатэ псалъэр ежьум,
ХъуэпсапІэхэр игъэтэу.

Гур пхьэхуу умыгъэзэж.
Хуоэзшри гугъэр уи нитІ,
Блэкіам къытызогъэзэж.

ЗыщІыпІэ ущымыгъащэ,
Зы гъащІэм имыщІэ бзитІ.
Щхьэхыр умыгъэпІащІэ.

...Си щэхур къыскхуэгъэнэж.
Епхьэжьэу гурыщІэм и цІэр,
Уэшх шыугъэм хыумыудэж.

ЩызиІэщ уи дей зы пэж.
Соплъэжри щІэдзапІэм и кІэм,
Щыплъызыр си нэр уи пэшщ.

* * *

Афіэкі си нэгу укъыщІэмыхьэ,
Гупсысэр уафэм иэзрыхьмэ,
Абы зы псалъи лъэщІэмыхьэ.

Уи жьэгум си цІэ щыжумыІэ,
Мы си гум укъемыІэ, кхъыІэ,
Уи жьэгум си цІэр тІэкІу щышыІэ.

Гурыщ1эр уафэм щокІэзызыр.
Ущ1эмыупщІэ: «Сыт хэоузыр?»
Укъыэзмыплъ, укъыскхуэмызэ...

ИтІани... сфІэфІкъым ущымыІэу,
Дызырикіуа псэ лъагъуэр щІыІэу,
Сыноплъмэ си гъын къэмыкІуэу.

Гупсысэр пфІэхъуми изыІуэ,
Пщ1ымыщ псэ нэпцІхэмкІэ умыкІуэ,
Уи жьэгум си цІэр тІэкІу щыжьыІэ.

* * *

Уи гум и плъыфэр зэрызджыр вагъуэщ,
Уафэм щыпхъумэр мэхъур си фІэщ.
ЩыІукІыжкІэ, мы къалэр фагъуэщ,
Си гукъэкІыжхэм укъаІущэщ.

СикІуэтыжьынути, си щІыб удэтщ,
Къалэ уэрамхэм укъыщызоджэ.
Зэ сыбзуэнути - хьэуам ухэтщ,
Сызэплъэкіынути, блэкІар зэщоджэ.

Сыдрехьейри, уэгур мэпщІыпщІ,
СыкъыІэпохури, щІылъэр къегъачэ.
Схэузыкіыжми махуэ зыбгъупщІ,
КъыкІэлъыкІуэнухэр мэхъур сымаджэ.

УзутІыпщынути, угъунэгъуІуэщ,
Сыдэплъеинути, мо уафэр хамэщ.
Вагъуэм зырызу я цІэ къыщисІуэм,
Уи деж сыносри - сохъу нэпс къудамэ.

Уи цІэ щэхур

Уи цІэ щэхур си уафэм щІэтщ,
Си щхьэгъубжэм хъотІыркъыр жэщыр.
Іэнэ кІапэм телъщ уи сурэт...
Уи сурэтым къысхелъхьэ псэщІэ.

Къызощ1эжыр уэраму хъуар,
Ди зэхуэзи, ди зэблэкІыгъуи.
Бжьыхьэм сщІэркъым сигу
щІыщІэгъуар,
Абы ищІэрт си щэху сыт щыгъуи.

Бжьыхьэ жэщым си гъащІэр едж,
Уи макъ гуапэмкІэ къыскІэлъоджэ.
Тхьэмпэр жыгым и Іэплім йокІ,
Уи цІэ щэхумкІэ бжьыхьэр къызоджэ.

Тхьэмпэ зэмыфэгъу

Бжьыхьэкур тхьэмпэ зэмыфэгъущ.
Си гукъэкІыжхэм я жыг хадэм
ЩІалэгъуэ псысэ щызолъагъу
Гухэлъ Іэплакіуэм сахигъадэу.

Бжьыхьэкум гупсысэн и хьэлщ,
Уэ къыхэпха жыг тхьэмпэр сщІатэм!..
ЩІалэгъуэм, бжьыхьэ, сыкъегъэл,
Си лъэгум тхьэмпэр щигъэятэм.

Зыгуэрым жеІэ: «Узифэгъущ»,
Уэшх щабэу ар къыскІэлъокІуатэ.
Сэ уэшх сщІыгъуакъым,
къысхуэгъэгъу,
СщІыгъунур дыгъэт уэр мыхъуатэм...

Мис дыгъэр тхьэмпэм къыдоджэгу,
И хуабэ кІапэр ипхъуэтэжу.
Сригъэплъэну зэ и нэгу
Мы бжьыхьэ хадэм, сыкъишІэжу?

ЩызэхызохыР ди уэрэд,
Бжьыхьэзэпэдзу зэхэтлъхьауэ.
Жыг хадэм и пэр сымыгъуэт,
Гупсысэр и кум щискъухьауэ...

ЩІалэгъуэм жиІэр сыту куэд,
Бжьыхьэкум лъапІэу сыхишауэ!
Си гукъэкІыжхэм дапщэ хэт,
Гухэлъым тхьэмпэу Іэпыхуауэ?!

* * *

Уэ пхуауса гухэлъ уэрэдым
КъыхэІукІыжыркъым си макъ.
Тхылъ гуэрым къыдэхуа сурэтыр
ЩыбогъэсыжыІр ди зэхуаку.

Гухэлъыр мэхъури мафІэ сахуэ,
Гъэгу бгынэжам ар тыбопхъэж.
Абдеж щыІэжкъым къуанши захуи,
Ауэ тхылъ напэм зэ уопхъуэж...

Сурэтыр щыбгъэса пэш нэщым
Іугъуэмэ Іэфі къыпщохъу къыщІих.
ГукъэкІыж гуэрым зыбогъэщІри,
Зэманыр пэшым щыІурех.

* * *

Къалэкум псей щагъэщІэращІэ,
Зыгуэрым жеІэ: «УмыпІащІэ,
Ныщхьэбэ уафэр щыгъэ защІэщ...»
Вагъуэхэм я цІэр зызогъащІэ.

Гупсысэм псалъэ къыпызошыр,
КъызэдэІуэхукІэ, къалэр йошыр.
Сэ псей щызблэнукъым си пэшым,
Зы вагъуэ си гум нэху щегъэщыр.

ЩІымахуэ пщІантІэм уэс къыщофэ,
Мы дуней псор си Іэгум йохуэ.
ГукъэкІыж куэбжэр зэІубохри,
Уэ щыму уэсым укъыіхохьэ.

СиІэжьыр напІэм щІэзгъэпщкІуахэрщ,
ЩыІукІыжым жызмыІахэрщ,
Зэгуэрым вагъуэхэм зэхахьу,
Си щэхуу, уэ зэхыумыхахэрщ.

Си Іэгум уэсыр йоткІухьыжыр...
Уэ щыму пщІантІэм удокІыжыр.
ЩхьэІ си гугъат гухэлъ ядыжу,
ЦІэ фІэпщмэ, вагъуэр зэикІ имыжу?!

* * *

Сурэт уохъумэ. ЩІыІэ хъумэ,
ЩІымахуэ хадэм уогъэзэж.
Жыг щхьэкІэр тхъуауэ, уигу щІэгъуауэ,
БлэкІахэм къыбогъэгъэзэж.
Уоплъэж зэманым и кхъузанэм.
Гупсысэу дапщэ щІигъэпща?!
ЖумыІэ пцІыуэ, гъащІэр пцІыуэ.

Абы гухэлъ уІуигъэщІащ...
ЩІымахуэ хадэм куэд уегъадэ,
Къыпхуигъэщ1ыжу гукъэкІыж.
Сыхьэтым уоплъри, тІэкІу ухоплъэ.
Зыгуэрым уожьэ, уимыкІыж.
ЩІымахуэ хадэм ущохуабэ,
Къэбгъуэтыжауэ зы жыг щІагъ.
«Дунейр зэрыхъур зы жьы хъугъуэщ», -
ЖеІэнут и гур зи щІылагъ
Сурэт тІорысэм - уи гупсысэм
Зи макъ нэщхьей къыхэзынам.
Уи щэхур щатэу хэтщ уэс къесым,
Ихъумэу уигу къызэфІэнар.

* * *

Зэтумылъхьэ уи напІэр,
Къыщыщ1идзэм псы жапІэр
Гур иІыгъщ зы гугъапІэм,
Къыщытенэм Іэпапіэ.

УмыкІуэд, умыгъуащэ,
ЩызэІупщэм гуращэ
Сынэплъысми уи лъащІэм
Къысхуигъахьуэр щхьэ мащІэ?

Къысхуигъахьуэр щхьэ мащІэ?
СыщІэІубкІэ щхьэ гуащІэ?
Си адыгэ, уи гъащІэм
Къыпысщэнут тІуащІэу...

Зэтумылъхьэ уи напІэр,
Къэубыди си Іэпэр
Гъэудэ1у си гум щыспІыр,
ДыІугъэс уи псы жапІэм.

* * *

Гухэлъым зещІри лъапэпцІий,
Уи деж нодаІуэ.
Зы жьы Іубыгъуэ йох и джийм
Жэщ гупсысакІуэм.
СыщІымыІэну еукъуэдий,
ГукъэкІыж защІэу...
Гухэлъыр жэщым кІэлъокІий:
Зэ умыпІащІэ!
Мы жэщым идэркъым
И пщІыхь сыхигъэтыну.
И вагъуэр уафэм иухыху
Уэгум ситынущ...
Псэ гуэрым си Іэр еутІыпщ,
КъысхуоплъэкІыжри...
Зы дуней щэху мэхъужыр щыщ
Си гукъэкІыжым.

* * *

ЩІегъуэжи, нэгъуэщІ къызжеІэ,
�щІегъуэжи, сумыутІыпщыж.
Ныщхьэбэ си Іуэхур Іейкъым,
Гухэлъкіэ зызогъэсыж.
Е:
Ежьэжи, жумыІэ псалъэ,
Ежьэжи, схэузыкІыж.
Ди гъуэгум сахуэу телъалъэу,
Уи мафІэр зэхрекІыж.

* * *

Сыт хуэдэми содэр уафэр,
Мы уэшхри, хуейми кърешх.
Жьы къепщэмэ, тхьэмпэр къафэу,
БжьыхьэкІэр къысщодыхьэшх.
Сылъэсми, хощІыр гъэгум.
Илъэсхэм:
- Ухэт, ухэт?
Уэшх ткІуэпсхэр къишхэу си Іэгум,
ЯкІэлъызодзыр:
- Гугъуэт!

* * *

Зэгуэпурэ уафэр къочэ,
Аргуэру къешхынущ уэшх.
Зыгуэр пфІэкІуэдауэ, уоджэ,
Зыгуэр гъуэбжэгъуэщым ещхьщ.

Таурыхъ хужь

ЩІымахуэм и таурыхъыр хужьщ,
Къытощ гухэлъым ди лъэужь.
Жэщыкум уафэр мэупщІыІу,
КъыІэпыщэщу дыжьын щІыІу.
Иджыри уафэм вагъуэ хэзщ,
Хьэуам щоуфэразэ уэс.
Зыгуэрым уафэм къыщелъыхъуэ
Таурыхъ мазэм ис мэлыхъуэр.

* * *

ЖызоІэ гъатхэ гъырынэІум
Зи псалъэ ячэтхъа уэрэд.

Сыщ1егъуэжыну къызэлъэІум
Уи теплъи си гум щызымыгъуэт.

Бжэ1упэр епхъэнкІыжыр жьыбгъэм,
Укъэкіуэгъауи сымыщІэж.
ЩыІауи жьІэ насып губгъуэ,
И хьэлыр гъатхэм, плъагъурэ, ехъуэж.

* * *

Си псалъэ щыІэкъым уи лъахэм,
Аргуэру жьапщэщ...
Гукъанэ защІэу нэ дияхэм
Ябзыщ1ыр дапщэ?

Борэным пІалъэм къыщІегъалъэ,
Къытхуэгубжьауэ.
Зэманым нэкІур эрегъалъэ,
Гъэхэр къибжауэ...

Делъхьэжыр жэщым и гуфІакІэм
Вагъуэзэзшиблыр.
Си гугъэр уафэм къыщегъачэ
Уэ къэпхъа щыблэм.

* * *

Жыг щхьэкІэм уафэм зыхуеший,
Гупсысэ гъэрхэр хуиІуэтэну.
Къудамэ пцІанэр зыгъэдий
ЩІымахуэр жэщым хэкІуэтэнущ.

Жыг щхьэкІэ тхъуахэм якъуэдий
Зы мазэ кІыхь, зы щІымахуэкІэ.
ЗащІауэ жыгхэм лъапэпцІий,
Уэгум щекІуэкІыр зэхагъэкІыр.

Жыг щхьэкІэм вагъуэу илъэгъуар,
Зы щІымахуэкІэм зэхедзыжыр.
КІуэрыкІуэу гъатхэ къэблэгъам
Насыпу аэр щегуэшыжыр.

Уафэгур поплъэ дыгъэ бзийм,
Жыг хадэм фащэ щызыдынум.
Жыг щхьэкІэр вагъуэм кІэлъокІий,
Гухэлъ жэуап иритыжыну.

* * *

ЩІагъыбзэм къуэбгъапщкІуэ
псалъэхэм
Къаэ1укІ макъхэми яхъумэ зы гъащІэ.
Жэщ кэущІыр зэрывагъуалъэми
Гухэлъу къызжаІэр сэркІэ мымащІэ.

Гупсысэкіэ хэдыкІа жэщхэми
ЛъапцІэу сахохьэри, уи деж
сыщогъуащэ.
Си упщІэхэм закъыхигъэщу
Бзэ щэхукІэ къысплъохьэри,
зы мэІущащэ...

Сыщ1агумэщІ си тІасхъапІэр
ЗыцІыху уафэ лъащІэм уи деж
нихьэсакІэщ.
Насыпыр зэрыхъур Іэпапіэщ,
ГъащІитІым зы пІалъэр къезэвэкІами.

* * *

Гъатхэм игъуэтыркъым иІуэтэжын,
Уи сурэт закъуэр сыту сщІыжын?
ПщІыхьым и лъахэм нэзгъэззжынт...
Гъатхэм игъуэттэм иІуэтэжын.

ПСатхьэм зэхихыркъым гухэм я макъ,
Махуэмрэ жэщымрэ я зэхуаку
ДобзэхыкІыжыр гурыщІэ сакъ,
ПСатхьэм зэхихыркъым гухэм я макъ.

Нэр упІэрапІэркъым, нэпсыр мэдий,
Гупсысэм хуэшу зеукъуэдий.
Уафэми щІылъэми сащІыркъым бий,
Ауэ уи макъыимкІэ къызогий.

ЖызумыгъэІэ сыкъыщІэкІуар,
Си лъэгум уэсу щІэзгъэткІукІар.
Си макъыр жьыбгъэм щІригъэкІар...
Армырами ди гъащІэр кІуащ.

* * *

Сыхьэтыр мэпІащІэ,
Жьыр бжэм къонькъуэкъу.
ЖысІэну машІэр
Тхуэхъунущ тІэкІу-тІэкІу.

СынакІуэмэ, пасэщ,
Укъэсмэ, гуващ.
Уэ пцІыхур дыгъуасэу
Зэманым жиІащ.

Нэмэз щыгъэ

Си анэшхуэ Мырзэкъан Марьян и фэеплъу

Егъажэ нанэ нэмэз щыгъэ,
Мазэщ1э исщи, тхьэ йолъэІу.
Имыхур нанэ и гум гугъэрщ,
Сыхьэтым къыплъыс гъэзур екІу.

Сыхьэтым ещІэ: жэщ уэздыгъэм
И пІалъэр зэкІэ щхьэщыкІынщ.
И нэкІум нанэ къощыр жьыгъэ...
ПІэ лъапэм нэху сыкъыщекІынщ.

Зэгуэрым уафэм щабэщІахэм
ХищІыкІыу нанэ сэ къысфІощІ.
ГуфІэгъуэу, гуауэу илъэгъуахэр
И нэкІу лэдэхыу, мес, къыхощ...

Согъажэ, нанэ нэмэз щыгъэ
ПІэ лъапэм къысхутыринар.
Сэ сфІощІыр уафэм жэщ уэздыгъэр
Си нанэм щыхупагъэна.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

АКЪБЕЙ Исхьэкъ: Си псэм анэдэлъхубзэмкIэ зигъэнщIыркъым

Псэ зыIутхэм цIыхум нэхърэ нэхъ бэшэч яхэткъым. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэ куэдыкIей къыпхуэхьынущ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Псалъэм папщIэ, истамбылакIуэхэм ятелъа бэлыхьыр, тхьэмыщкIагъэр, яшэча гугъуехьыр апхуэдизкIэ инщи, уи гур къызэфIэмынэу къанэркъым а псом ущегупсыскIэ. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьми къелащ цIыхубэр, къелащ зэкъуэтти, зэрыIыгъти.

Ди лъэпкъэгъухэр нобэр къыздэсым къэмыкIуэжыфауэ щопсэу хамэ щIыпIэхэм. Щопсэу, я гур Кавказым къыхуэпабгъэу, Хэкужьым и теплъэр я пщIыхьэпIэм хэт зэпыту, я псэр мыбыкIэ къеIэу. КъэкIуэжу къытхэмытIысхьэжыфми, ахэр лъагъунлъагъу къакIуэурэ Адэжь щIыналъэм зыщаплъыхь, абы и хьэуа къабзэмкIэ мэбауэ, и дахагъ псори зрагъэлъагъу.

Мы тхыгъэр зытеухуа Акъбей Исхьэкъи Хэкужьым щIэх-щIэхыурэ къокIуэж, щохьэщIэ, зыщегъэпсэху, и къуэш-и шыпхъухэр зрегъэцIыху, и анэдэлъхубзэр нэхъыфIу зрегъащIэ. Адыгэбзэр зыIурылъ, адыгэпсэ зыIут, адыгэлъ зыщIэт щIалэр къыщопсалъэкIэ куэд щIауэ умылъэгъуауэ узыхуэзэша уи анэкъилъху хъыбар къыпхуиIуатэ фIэкIа пщIэкъым. Ди псэлъэгъум и гупсысэхэр гъэщIэгъуэн къытщыхъури, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Исхьэкъ, уи гъащIэм тIэкIу укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.

- Сэ, Тыркум, адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу Къайсэр къалэм къедза Хьэзей къуажэ цIыкIум сыкъыщалъхуащ. Си сабиигъуэр щекIуэкIари аращ. Жылэм дэт еджапIэр къэзуха нэужь, ди унагъуэр ХьэпэщIей къуажэм дэтIысхьащ. Абы илъэситхукIэ дыщыпсэуа нэужь, Къайсэр къалэм дыIэпхъуэри, лицейм сыщеджащ илъэсищкIэ. 1996 гъэм ар къэзухри радиом лэжьапIэ срагъэблэгъащ. Ар лэжьыгъэ IэнатIэ сщIыну сигу илъакъым зэи, си егъэджакIуэрауэ жыпIэ хъунущ зи фIыгъэр сытегушхуэу радиом сызэрыкIуар. «Исхьэкъ, уи макъыр гурыхьщ, радиом ущылэжьамэ, нэтынхэр фIыуэ ебгъэкIуэкIыфынут», - жиIэурэ си гум кърилъхьэри, абы сыувауэ щытащ. Радионэтынхэр сэ езым згъэхьэзырурэ езгъэкIуэкIыжырт, нэхъыбэуи сыкъызэджэр гушыIэ кIэщIхэрт. Адыгэбзэр нэхъыбэм къазэрыгурымыIуэм къыхэкIкIэ, сызэрыпсалъэр тыркубзэрт. Мазэ бжыгъэ докIри, унагъуэр Истамбыл дыIэпхъуа нэужь, къалэм дэт Public Relations (PR) къэрал еджапIэ нэхъыщхьэм сыщIэтIысхьэри рекламэ-пиар IэщIагъэм илъэситхукIэ сыхуеджащ. А илъэсхэм икIи седжэу, икIи сылажьэурэ секIуэкIащ. А зэманым нэтын зэхуэмыдэхэр къызэзгъэпэщурэ езгъэкIуэкIыну телевиденэми срагъэблэгъауэ щытащ, икIи абы лъандэрэ си IэщIагъэм сригушхуэу сценэм ситщ.

- ЗэрыжыпIэмкIэ, лэжьапIитIым ущыIэщ. IэнатIитIми нэтынхэр щыбгъэхьэзырыну, къалэнитIыр зэдэпхьыну гугъукъэ?

- ФIыуэ плъагъу, уигу ирихь лэжьыгъэр епхьэкIыныр гугъукъым. Радиом телефоным къэпсалъэ цIыхухэм сеуэршэрылIэу, садэгушыIэу, хъыбарыщIэхэр езгъащIэу, нэтын згъэхьэзырахэр утыкум къислъхьэу сыщыIэщ, телевиденэм концертхэр, фестивалхэр щезгъэкIуэкIыу араща, махуэ къэскIэ куэдым сахуозэ, щIэ куэд къызощIэ, цIыху Iэджэ зызогъэцIыху. Къыхэзгъэщыну сыхуейт си нэтынхэр ягу ирихьу Германиеми Франджыми сызэрырагъэблэгъари, абы иужькIэ Сирием сызэрыщыхьэщIари. А псоми лэжьапIэ IуэхукIэщ сызэрыкIуэр. ТIэкIуи гугъущ, ауэ уи IэщIагъэм и хъерыр щыплъагъукIэ, цIыхухэм ягу ирихь пшыхь къызэбгъэпэщауэ абы ехьэлIа псалъэ, хъуэхъу дахэ къыщыбжаIэкIэ, псори пщогъупщэж.

Апхуэдэ лэжьыгъэр дауэ фIыуэ зэрумылъагъунури, ар къызэрыптехьэлъэнури.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу укъыщыкIуэжам дауэ укърагъэблэгъэжа? ИужькIэ къытебгъэзэжын хуей щIэхъуами укъытхутепсэлъыхьыну сыхуейт.

- Хэкужьым япэ дыдэ сыкъыщыкIуэжар илъэсибгъу ипэкIэщ, 2007 гъэм. Абы щыгъуэ куэдрэ сыщыIэну Iэмал сиIатэкъым, си гум иджыри зимыгъэнщIауэ сыкIуэжат. ИлъэситI дэкIри, си пщэм къалэн мытынш къыдалъхьат - сабий гупым сэ сранэхъыжьу Кавказым къасшэу зыщезгъэплъыхьыну. Къысхуагъэфэща лэжьыгъэр дапхуэдизу мыгугъуми, сыхуэпIащэрт дыкъыщежьэну махуэр къэблэгъэным, си гум сызэрихуэрти.

ИкъукIэ фIы дыдэу дыкърагъэблэгъат абы щыгъуэми - «Радуга» санаторэм пэшхэр щытхухахри тхьэмахуитIкIэ зыщыдгъэпсэхуауэ щытащ. Сабийхэм ялъагъу псори яфIэтелъыджэу дыщыхьэщIат, къалэм и дахагъэм нэмыщI, Шэджэм псыкъелъэхэр, Гуэл щхъуантIэхэр, Бахъсэн аузыр дагъэлъэгъуащ, Iуащхьэмахуи дыдашауэ щытащ. Ауэ тхухаха пIалъэр иухри, Хэкужьым аргуэру гу щыдмыхуауэ дыкIуэжат.

Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэм и лъэIукIэ, адыгэбзэр нэхъ кууэ зэзгъэщIэну сыкъагъэкIуащ иужькIэ. Тыркум щезгъэкIуэкI нэтынхэм адыгэбзэ псалъэу къыхэзгъэхьэхэр мащIэ дыдэщ, куэдым къазэрыгурымыIуэм къыхэкIкIэ, ауэ ди гугъэщ дяпэкIэ адыгэбзэкIи нэтынхэр дгъэхьэзырурэ едгъэкIуэкIыну. Иджыпсту бэрэжьей къэс сыхьэтихым щIыдодзэри дакъикъэ 30-кIэ адыгэбзэкIэ дыкъопсалъэ, къэкIыгъэхэм, хьэкIэкхъуэкIэхэм я гугъу тщIыуэ. Ауэ тхьэмахуэм сыхьэт ныкъуэм кърипубыдэ нэтын бгъэхьэзырrэ укъэпсалъэкIэ адыгэбзэр уи цIыхухэм егъэщIа хъунукъым. Аращи, бзэр нэхъыфIу зэзгъащIэу нэтынхэр абыкIэ езгъэкIуэкIыну, ди адыгэбзэр нэхъыбэрэ зэхахыну сыхуейт. Апхуэдэу фIэкIа мыхъуми, ди анэдэлъхубзэм цIыхухэр щIэдэIумэ, си гуапэщ.

Си гуми си псэми хыхьэу, махуэ къэскIэ щIэ гуэр къызэрысщIэным сыхущIэкъуу щызгъэкIуащ адэжь щIыналъэм щысхухаха зэманыр. Анэдэлъхубзэр нэхъыфIу зэзгъэщIэнымкIэ, си лъэпкъым и тхыдэм щыгъуазэ сыхъунымкIэ гугъу зыкъыздрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ иIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм. Псом нэхърэ нэхъ гулъытэ къысхуащIу къыздэлэжьащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ кафедрэм и доцент, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Абазэ Албэч, филологие щIэныгъэхэм я кандидат УнэлIокъуэ Вячеслав, адыгэбзэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь Езауэ Мадинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэзгъащIэхэм нэмыщI адыгэбзэкIэ псалъэу слъагъу цIыхухэм си гур хагъахъуэу, си унэжь сыкъызэрыкIуэжар, си къуэш-си шыпхъухэм сакъызэрыхыхьэжар си гуапэу сыщыIащ.

- Зи бзэр зи псэу къэзылъытэхэм уащыщ уэ, Исхьэкъ...

- Сэ Хэкужьым япэу сыкъыщыкIуэжам згъэщIагъуэрт уэрамхэм адыгэбзэкIэ щызэпсалъэу, тыкуэнхэм ущIыхьамэ, адыгэбзэкIэ къопсалъэу, сабийхэми балигъхэми я бзэр яIурылъу, абыкIэ псэлъэну хуиту зэрыщытыр. АпхуэдизкIэ си гум зигъэнщIыртэкъыми, нэм илъагъу псори пщIыхьу къысщыхъурт, тIэкIу емыкIуми, псоми IэплIэ яхуэсщIарэт жысIэу сыщызекIуэт уэрамхэм.

ТыркумкIэ къапщтэмэ, ди унагъуэр псори дыадыгэщ, псоми а бзэр къыдгуроIуэ. Ар зи фIыгъэри ди адэмрэ (и ахърэтыр нэху Алыхьым ищI) ди анэмрэщ. Ахэр ди анэдэлъхубзэмкIэ зэмыпсэлъатэмэ, ар дэ къытIурамылъхьатэмэ, дэри а бзэм и дахагъымрэ и IэфIагъымрэ зыхэтщIэнутэкъым. Ауэ дэ дрипсалъэкIэ, абыкIэ дызэгурыIуэкIэ, Iуэхур зэфIэкIыркъым - уэрамым дызэрыщызэпсалъэр тыркубзэщ, дэтхэнэми адыгэбзэр къыгурыIуэркъыми. Дапхуэдизу дыхуэмейми, а бзэр ди унагъуэм, ди Iыхьлыхэм, ди ныбжьэгъухэм я деж фIэкIа къыщытхуэгъэсэбэпыркъым. Сабийхэр адыгэбзэм щыхурагъаджэу еджапIэ диIатэмэ, дэтхэнэ зыми и анэдэлъхубзэр зригъэщIэну и нэр къыхуикIыу щытамэ, ар къыдэкIуэтей цIыкIухэми яIурылъу къэтэджынут. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а къезбжэкIахэм ящыщу диIэр, къытхуэнэжар мащIэ дыдэщ.

- Бзэр тэмэму ямыщIэми, Хэкужьым сыкIуэжарэт, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми зыщысплъыхьащэрэт, жаIэрэ Тыркум щыпсэу уи ныбжьэгъухэм?

- Ауэ сытми я нэр къыхуикIрэ! Дэтхэнэ зыми и гур мыбыкIэ щыIэу жыпIэ хъунущ, апхуэдизкIэ къэкIуэжыну хуейщи. Хэкужьым зэ щыIауэ нэзыгъэзэжахэм къаIуэтэжхэм щыщIэдэIукIэ, псори яфIэгъэщIэгъуэну, уеблэмэ къытрырагъэзэжурэ жрагъэIэж ялъэгъуахэр. Сэ Къэбэрдейм сыкъэмыкIуэ ипэ си пщIыхьми хэттэкъым иджыпсту си нэгу щIэкIхэр. Нэхъ пасэм гугъут Тыркум укъикIыжу мыбы укъэкIуэжыныр, ар зыхузэфIэкIхэри мащIэ дыдэт, иджыпстукIэ нэхъ тынш хъуащ. Ди унагъуэм щыщу сэ зыращ Хэкур зылъэгъуар, сыкIуэжауэ слъэгъуахэр щажесIэжкIэ, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу къызодаIуэ, я псэр Къэбэрдейм нэхъ Iеижу къыхуеIэ мэхъу. Си къуэш нэхъыжьми къэкIуэжыну и гугъэщ.

- Сыщымыуэмэ, Шэрджэсым щыпсэу уи унэкъуэщхэр къызэрыбгъуэтыжрэ куэд щIакъым. Ар дауэрэ зэрыхъуар, Къэбэрдейм узэрыщыIэр къащIэу къыплъыгъуэзауэ ара, хьэмэрэ уэра къэзылъыхъуар?

- Куэдрэ къэслъыхъуа пэтми, ди унэцIэ зезыхьэ згъуэтакъым. Дапхуэдизрэ сыщIэмыупщIами, зыми ямыщIэу, уеблэмэ зэи зэхамыхауэ жаIэрт. Зыгуэр къэзгъуэтыным си гугъэр хэсхыжауэ жыпIэ хъунут, ауэ псоми фIыкIэ яцIыху, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор КIуэкIуэ Жэмалдин сэрэ дызэпсалъэу дыздэщысым абдеж щыжысIащ сигу къеуэр икIи ди унэцIэр зезыхьэхэр щыпсэуа, иджыпстуи щыпсэу щIыпIэхэр къилъыхъуэн щIидзащ а сыхьэтым. Къэрэшей-Шэрджэсырауэ къиухутэри, и цIыхугъэ гуэр щыIэт абыкIи, телефонымкIэ псалъэри жриIащ си Iуэху зыIутыр. ИужькIэ зы тхьэмахуэ хуэдэ дэкIауэ Акъбей лъэпкъым я нэхъыжьыр си деж телефонкIэ къеуащ икIи куэд дэмыкIыуи срагъэблэгъащ Шэрджэсым. ИкъукIэ гуапэу къысIущIахэщ, сызэрагъэлъэпIар псалъэкIэ къысхуэIуэтэжынукъым. МахуитIкIэ сыщыIати, зэрыжаIэщи, «сыдрахьеймэ, сыгъущIэрт, сыкърахьэхмэ, сыщIытэрт». СызэрыгуфIам гъуни нэзи иIэкъым. Сыт хуэдэ гуфIэгъуэт ар, уи унэцIэ зезыхьэ уи лъэпкъэгъухэр апхуэдиз илъэс бжыгъэ дэкIауэ хамэ къэрал укъикIыжауэ къэбгъуэтыжыныр!.

- Исхьэкъ, мис, Хэкужьым укъэкIуэжри абы къыщепщэ жьы къабзэмкIэ убэуащ, и дахагъ псори плъэгъуащ, уи унэкъуэщхэри къэбгъуэтыжащ. Иджы адэкIэ сытхэр уи мурад? УкъэкIуэжыпэну уи гугъэ?

- «Хэкужь» псалъэр зэхэсхамэ, си гур кIэзызу, си лъакъуэхэр щIэщIэущ сызэрыщытар - сэ схуэдэ дэтхэнэ зыри аращ. Пэж дыдэу жысIэнщи, зэи си гугъэнтэкъым мыпхуэдэу си Iуэхухэр хъуну. ИлъэсипщIкIэ узэIэбэкIыжмэ, си пщыхьэпIэми къыхыхьэртэкъым сэ Къэбэрдейм сыщыхьэщIэну, си унэкъуэщхэр Шэрджэсым къызэрыщызгъуэтыжам и гугъу сщIыххэнкъыми. Хэкужьым хуиIэ лъагъуныгъэр нэхъыбэу щызыхэпщIэр абы пэIэщIэу упсэуа е зэман гуэркIэ уежьэу укъэта иужькIэщ. Сэ хамэ къэрал сыкъыщыхъуауэ си хэкужьым сыкъэкIуэжауэ аращ, си нэхъыжьхэм ар къаймыхъулIами, сэ апхуэдэ насып зыхэсщIащ. Еплъ зэрыхъуам: хуэмурэ си щхьэм ахэр къихьат, къызэрихьам хуэдэ дыдэуи зиужьащ а гупсысэхэм.

Хэкужьым къэзгъэзэжыным теухуауэ, дауи, псори хыфIэздзэу Къэбэрдейм сыкъитIысхьэжкIэ зэфIэкIынукъым: си унагъуэри, си благъэхэри, ныбжьэгъухэри, си лэжьыгъэри Тыркум щыIэщ. Псори занщIэу схухыфIэдзэнукъым - абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри сэркIэ лъапIэщ. Ауэ Хэкужьым хузиIэ лъагъуныгъэри куущ, къабзэщ, дахэщ, мыбыкIи зыри сигу щыпыкIыркъым. ИджыпстукIэ зыми си Iуэхур теухуауэ щыткъым, адэкIэ зэрыхъунури сщIэркъым, ауэ зэкIэ, илъэсым зэ фIэкIа нэхъ мыхъуми, Къэбэрдейм сыкъэкIуэжурэ сыщыхьэщIэну си гугъэщ. АдэкIэ зэрыхъунур Алыхьым ещIэ...

- Исхьэкъ, дэнэ лъэныкъуэкIэ бгъазэми, мураду пщIыр Алыхьым къуигъэхъулIэ. Хэкум къыщепщэ жьыр зэрыпфIэкъабзэм хуэдэу уи гур къабзэу, уи псэм зэрыфIэIэфIым ещхьу, узрихьэлIэ дэтхэнэ цIыхуми и псэм фIыкIэ удыхьэрэ гуапэу уабгъэдэту куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу!

Епсэлъар **ХЬЭРЭДУРЭ Аллэщ.**

«Налшык-2016»-м щIидзащ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъыкIэлъыкIуэу алэрыбгъу плъыжьым ирикIуащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, кинорежиссёр **Гаспарянц Рафаэль**, а республикэм щыщ кинооператор **Немысский Михаил**, Ригэ къалэм къикIа актёр **Залакс Эдийс**, Китайм и актёр **Ван Дин**, киноактрисэ цIэрыIуэ **Арзамасовэ Лизэ**, иджыблагъэ траха «Омнибус» фильмым лIыхъужь нэхъыщхьэу щыджэгуа актёр **Колосов Максим**, уэрэджыIакIуэ, режиссёр, сценарист **Бочкарёвэ Наталье**, УФ-м и цIыхубэ артист **Чернов Юрий**, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Гвоздиковэ Наталье**, адыгэхэм (шэрджэсхэм) ятеухуа фильм зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа продюсер, режиссёр, сценарист **Нэгъаплъэ Аскэрбий**, «Небесное кочевье» фильмым и режиссёр **Абдыкалыков Мирлан** (Къыргъыз), «Анклав» фильмым роль нэхъыщхьэр зэрыщигъэзэщIам папщIэ дунейпсо саугъэт лъапIэхэр зыхуагъэфэща **Мур Деннис** (Сербие), «С осенью в сердце» фильмым и режиссёр **Параджанов Георгий** (Урысей), Германием и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урысейм и цIыхубэ артисткэ **Лужинэ Ларисэ**, Урысейм и цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шакуров Сергейрэ** абы и щхьэгъусэ икIи и продюсер **Екатеринэрэ**. Апхуэдэу къызэхуэсахэм ирагъэцIыхуащ фестивалым и программэм и унафэщI, абы щагъэлъэгъуэну фильмхэр къыхэзыха **Жуков Александр**, фестивалым и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI **Шныровэ Ольгэ**, кинокритик, документальнэ фильм зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Шемякин Андрей**, Урысей киногъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа артист куэдым я сурэтхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтыщI **Шагов Игорь**. Къыхэгъэщыпхъэщ фестивалыр щекIуэкI махуэхэм ирихьэлIэу Шаговым и лэжьыгъэхэр КъБР-м и Музыкэ театрым зэрыщагъэлъагъуэр.

КъБР-м и Правительствэмрэ ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ «Налшык-2016» фестивалхэм я дунейпсо кинофестивалыр ирагъэкIуэкIыну Iэмал зэрыратам папщIэ фIыщIэ яхуищIа нэужь, утым щызэхуэсахэр Новожилов Сергей Музыкэ театрым ирагъэблэгъащ, мы махуэхэм ягъэлъэгъуэну фильмхэм щыщ пычыгъуэхэм хигъэгъуэзэну.

- Си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ илъэсибл дэкIауэ Налшык къалэм къызэрытезгъэзэжам. Гуапэщ Урысейм Кином и илъэсым къыхэтлъхьа дунейпсо кинофестивалым ирихьэлIэу си хъуэпсапIэр къызэрызэхъулIар. ЕхъулIэныгъэ фиIэну, зэфIэкI къэвгъэлъэгъуэну сынывохъуэхъу. Дунейпсо кинофестиваль зэмылIэужьыгъуэхэм пашэу къыщалъыта, саугъэтхэр зыхуагъэфэща фильм гъэщIэгъуэнхэм мы махуэхэм федгъэплъыну ди мурадщ, - жиIащ Новожиловым.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** къахуеджащ кинофестивалым кърихьэлIа хьэщIэхэм, республикэм исхэм КIуэкIуэ Юрий зэрызахуигъазэ тхыгъэм.

Кинофестивалым и программэм хагъэхьа фильмхэм, абы ирагъэблэгъахэм я лэжьыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэм къызэхуэсахэр ирагъэплъащ. Апхуэдэхэщ «Аул Бастунджи», «Поп», «Вертикаль», «Анклав» фильмхэр, нэгъуэщIхэри.

Гуапэт Вэрокъуэ Владимир, Фырэ Руслан, Лужинэ Ларисэ, Къумахуэ Мухьэдин, Залакс Эдийс, Гвоздиковэ Наталье, Ван Дин, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Арзамасовэ Лизэ, Кулиевэ Элизат, Чернов Юрий сымэ усэ къызэреджэм, уэрэд зэрыжаIэм укIэлъыплъыну. ХьэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм икIи псалъэ гуапэ куэд жаIащ республикэм щыпсэухэр дахэу къазэрыIущIам папщIэ. КърихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыIакIуэ Текуев Амур, дуней псор зэрыгушхуэ «Кабардинка», «Балкария» къэрал къэфакIуэ ансамблхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Бгы лыжэ спорт

Урысейпсо зэхьэзэхуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щокIуэкI

Урысейм бгы лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацэмрэ Дунейпсо лыжэ федерацэмрэ ирагъэкIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм я календарым ипкъ иткIэ, мы махуэхэм ныбжьыщIэхэм я урысейпсэ зэпеуэ щокIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Терскол жылагъуэм.

ЗЭПЕУЭХЭР гупищэу гуэшащ: зи ныбжьыр илъэс 12 - 13-м, 14 - 15-м, 16 - 20-м итхэр щызэпеуэнухэу. Къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтщ Мэзкуу къалэм, Мурманск, Мэзкуу областхэм, Алтай, Тэтэрстан республикэхэм, Камчатскэ крайм, нэгъуэщIхэми къикIа спортсменхэр. Псори зэгъусэу цIыхуищэм щIигъу мэхъу.

Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ бгы лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ я федерацэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэмрэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Футбол

Иужьу къыщыхагъэщIар ящыгъуупщэжат

«Факел» (Воронеж) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Воронеж. Профсоюзхэм я стадион нэхъыщхьэ. Бадзэуэгъуэм и 16-м. ЦIыху 5200-рэ еплъащ.

Судьяхэр Вилков (Новгород Ищхъэрэ), Глот (Ярославль), Богач (Люберцы).

«**Факел**»: Саутин, Бурнаш (Дранников, 77), Иванов, Курилов, Багаев, Альшин, Мурнин, Свежов, Гаракоев (Рылов, 60), Бирюков (Мичуренков, 85), Болэ (Шахов, 71).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Соблыр, Дашаев, Мурачёв, Мэкъуауэ (Семёнов, 53), Дроздов (Балъкъэр, 78), Ахриев (Крамаренкэ, 53), Войнов (Каркаев, 70), Багъэтыр, Бажэ, Гугуев.

Топыр дигъэкIащ: Бирюковым, 3 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ Багъэтырым, Каркаевым, 78. Балъкъэрым, Саутиным, Гугуевым.

2002 - 2005 гъэхэм къриубыдэу Воронеж иужьу щригъэкIуэкIа зэIущIищым «Спартак-Налшыкыр» зэи къыщыхамыгъэщIа, уеблэмэ зы топи къыщыхудамыгъэкIыфа пэтми (0:0, 1:0, 0:0), мы зэIущIэр ди щIалэхэм я дежкIэ хуабжьу гугъу зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. Абы и щыхьэтт мыгъэрей зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгугъуэм «Факел»-р Астрахань щыIэу премьер-лигэм кIуэным зымащIэ дыдэ фIэкIа зыхуримыкъужа «Волгарь»-м зэрытекIуар.

Мы зэIущIэр нэхри удэзыхьэх ищIырт зэпэщIэува командэхэм зэгуэрым яхэтауэ иджы хьэрхуэрэгъухэм я фащэ щызытIэгъахэр зэрахэтым. Къапщтэмэ, Багаев Михаилрэ Рылов Артуррэ «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм зэрыщагъэбжыфIэрэ куэд щIакъым. Болэ Руслан къыщалъхуари джэгун щригъэжьари ди дежщ. Апхуэдэ дыдэу налшыкдэсхэм иджыпсту я пашэ Бажэ Амир 2012 - 2013 гъэхэм «Факел»-м хэтащ икIи джэгугъуиблым топищ щыдигъэкIауэ нобэми воронеждэсхэм фIыкIэ ягу илъщ.

Псом ищхьэжращи, топджэгум дихьэххэр хуабжьу яфIэхьэлэмэту кIэлъыплъырт зэIущIибгъум щIигъуауэ зэкIэлъхьэужьу «Спартак-Налшыкым» и гъуэм зыми топ къызэрыхудамыгъэкIыфыр щиухынум. ЕтIуанэ дивизионым иджыри хэту мэлыжьыхьым и 3-м Ставрополь и «Динамо»-м Антипов Антон и гъуэр къызэрыхигъащIэрэ абырэ ар закъуэтIакъуэ зыхъуэжа Уэрсей Артёмрэ мазитIрэ ныкъуэм нэблэгъат зыми я жагъуэ къызэрамыщIыфрэ.

Апхуэдиз щIагъщIэлъ зиIэ зэIущIэм узыIэпимышэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. АрщхьэкIэ джэгум и щIэдзэкIэм зы Iуэхугъуэр псынщIэ дыдэу лъэныкъуэ иригъэзащ. Псори зэхэту «Спартак-Налшыкым» топ къызэрыхудамыгъэкIыфар 843-нэ дакъикъэм щынэсым воронеждэсхэм ар яхузэфIэкIащ. «Факел»-м и гъуащхьауэ Бирюков Михаил и закъуэу ди гъуэм къыбгъэдыхьэри, хэгъэрейхэр япэ иригъэщащ.

Мы зэIущIэм и ещанэ дакъикъэр екIуэкIыу арат. АдэкIэ зыкIэлъыплъын хуейр, иужьу къыщыхагъэщIар зыщыгъупщэжа (ар къыщыхъуар джэгугъуэ 15 ипэкIэ IэфIыпс жылагъуэм 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 4-рат) «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр щытыкIэ гугъум къызэрикIыну щIыкIэрат.

Ди щIалэхэм куэдрэ зралъэфыхьакъым. Абыхэм я капитан Бажэ Амир егбгъуанэ дакъикъэм лъэщу зэуа топым хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетыр ерагъкIэ пэлъэщауэ аращ. АдэкIэ лъэныкъуэхэм Iэмал зытIущ яIащ бжыгъэм зрагъэхъуэжыну. АрщхьэкIэ зыри къаймыхъулIауэ, джэгум и япэ Iыхьэр иухащ.

Загъэпсэхуу къызэрихьэжу, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэр аргуэру «кIуэцIрыхуащ». Насып яIэти, Болэ Руслан и лъахэгъухэм я дежкIэ къиутIыпща топыр гъуащхьэм техуащ. Абы иужькIэ налшыкдэсхэм зызэщIакъуэзэжащ икIи тепщэныгъэр джэгум щаубыдыпащ. Нэхъ мыхъуми, бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжыну ди щIалэхэм Iэмал зыбжанэ яIащ. Псом хуэмыдэу ахэр абы пэгъунэгъуащ зэIущIэм къыщIагъуа ещанэ дакъикъэр щиухым. Гугуевыр «Факел»-м и штрафнойм щхьэмыгъазэу яфIихьэри, топыр гъуэм блэкIыу къыхитащ икIи Каркаевыр зымащIэ дыдэкIэ абы лъэIэсакъым.

Арати, 0:1-уэ «Спартак-Налшыкыр» къыхагъэщIащ. Апхуэдэу иухащ зэман кIыхькIэ я гъуэм топ къызэрыдамыгъэкIыфа лъэхъэнэри. Иджы езыхэм топ щахудэмыгъэкIыфыр къэдбжыным щIидзэ хуэдэщ. Сыти жыIи япэ дивизионым щрагъэкIуэкIа пэщIэдзэ джэгугъуитIым ди щIалэхэр зэкIэ зэи къыщыхэжаныкIыфакъым. АдэкIэ деплъынщ. КъызэрыттекIуам и фIыгъэкIэ, Воронеж и «Факел»-м зэхьэзэхуэм бжыпэр щиубыдащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щызэхэта етIуанэ джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Енисей**» (Красноярск) - «**Динамо**» (Мэзкуу) - **0**:**0**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Тосно**» (Тоснэ) - **0**:**1**, «**Химки**» (Химки) - «**Тамбов**» (Тамбов) - **0**:**0**, «**Спартак-2**» (Мэзкуу) - «**Мордовия**» (Саранск) - **2**:**0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Сокол**» (Саратов) - **2**:**1**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - **0**:**0**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - **1**:**2**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **1**:**1**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Тюмень**» (Тюмень) - **1**:**0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» бадзэуэгъуэм и 23-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди командэм кригъэблэгъэнущ Саратов и «Сокол»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1008